ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№66 (23.880) ● 2019 гъэм мэкъуаугъуэм (июным) и 7, мэрем ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«БРИКС-м, ШОС-м хэт къэралхэм я студент гъатхэ» фестивалыр Ставрополь къалэм къыщыщыIэIуахым КIуэкIуэ Казбек урихьалIащ

Ставрополь къалэм къыщыIэIуахащ «БРИКС-м, ШОС-м хэт къэралхэм я студент гъатхэ» ещанэ дунейпсо фестивалыр. Мы щIалэгъуалэ зэхьхьэшхэр ирагъэкIуэкI Шанхай зэдэлажьэныгъэмкIэ организацэм и тхьэмадэ къулыкъу къалэныр Урысей Федерацэм щигъэзащIэ гъэм икIи абы дунейм щыщ къэрал 23-м я лIыкIуэу цIыху 20500-м щIигъу къыIэзащIэубыдэ.

ГУФIЭГЪУЭ дауэдапщэм хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Матовников А. А., Кавказ Ищхъэрэм и IэхъухэмкIэ министр Чеботарёв С. В., ЩIалэгъуалэм я IэхъухэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Бугаев А. В., «ЩIалэгъуалэм я Урысей союз» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Краснороцкий П. П., КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ К. В., Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и субъектхэм я унафэщIхэр.

«Студент гъатхэм» и программэм ипкъ иткIэ, щIэныгъэ зэхуэсхэр, творческэ, спорт проектхэр, музыкэмкIэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр екIуэкIынущ. Дэтхэнэ унэтIыныгъэми хиубыдэу лэжьэнухэщ политик, жылагъуэ лэжьакIуэ, журналист цIэрыIуэхэр.

Фестивалым кърикIуахэм япкъ иткIэ, «СНГ-м хэт къэралхэм я студент гъатхэ» дунейпсо проектхэр гъэзэщIэнымкIэ унафэхэр къащтэнущ.

Фестивалыр къыззэгъэпэщахэм ящыщщ «ЩIалэгъуалэм я Урысей союзыр», Урысей Федерацэм НэгъуэщI къэрал IэхъухэмкIэ и министрствэр, ЩIалэгъуалэм я IэхъухэмкIэ федеральнэ агентствэр, СНГ-м и IэхъухэмкIэ федеральнэ агентствэр, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэр, Ставрополь крайм и Правительствэр.

Фестивалыр ирагъэкIуэкI студент творчествэм зыщIэгъэкъуэныкIэ программэм тету. 2016 гъэм фестивалыр ЮНЕСКО-м и жьауэм щIэту къызэрагъэпэщащ. А зэгухьэныгъэм къыхиутхьэхукIащ щIалэгъуалэ жэрдэмым зегъэужьыныкIэ, дунейм тет щIалэгъуалэр зэшхэлIэныкIэ мы Iэхъум мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

Санкт-Петербург щекIуэкI дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрри хэтщ

КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек я пашэу Санкт-Петербург и «Экспофорум» гъэлъэгъуапIэ центрым мэкъуаугъуэм и 6-м къыщыIэIуаха дунейпсо экономикэ зэIущIэшхуэм хэтщ ди республикэм и лIыкIуэ гуп.

МЫ ЗЭХЫХЬЭШХУЭМ хиубыдэу Iэ щIадзынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр «Iуэху щыззрахьэ Урысей» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм, «Кавказ Ищхъэрэм электрокъарур щытезыгуашэ сеть» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам зэрадзэлажьэну зэгурыIуэныгъэхэм, КЪБР-м и Правительствэр, КъШР-м и Правительствэр, Адыгэ Республикэм и Министрхэм я Кабинетыр щэнхабзэ-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм 2019 - 2021 гъэхэм зэрыщыззэдэлажьэну щIыкIэм и планым.

КIуэкIуэ Казбек хтыку зыбжанэм къыщыпсэлъэнущ, IэнатIэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэм яхуэзэнущ.

Апхуэдэ ялъ зэIущIэр дыгъуасэ экономикэ зэхьхьэшхуэм хиубыдэу екIуэкIащ. КЪБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ «Газпром межрегионгаз» зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Густов Сергей. Ахэр тепсэлъыхьащ цIыхухэмрэ IэнатIэхэмрэ зэблэу кьыхэмыкIыу газкIэ къыззгъэпэщыным, газыр зэрызэбграш системэхэр зэпIэзэрыту гъэлэжьным, ди республикэм и къалащхьэм и хуабэ-энергетикэ комплексыр къэгъэщIэрэщIэжьным, газыр щынагъэншэу къэгъэсэбэныныкIэ иджырей технологиехэр зэтегъэуцуным.

Хахауэ тепсэлъыхьащ газ уасэмкIэ зэтрихьа щыхуэр зэтегъэкIыжьным. ЗэрыжаIамкIэ, абы и лъэныкъуэкIэ иджыпсту ди республикэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыпашэщ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

● КЪБР-м и Парламентым

ЗэхъуэкIыныгъэхэм хоплъэ

КЪБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым ирагъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ пенсэр зэрагъэувым теухуа хабзэр зэрагъэзащIэм.

ЗэIущIэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КЪБР-м и Парламентымрэ суд Iэхъущ IанIэхэмрэ щыIэ **Дыщэкl Мадинэ**, УФ-м и Пенсэ фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщI Бакъ Николай, депутатхэр, Пенсэ фондым и къудамэу республикэм и районхэм щылажьэхэм я лIыкIэхэр.

КЪБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Къэжэр Хъусен** зэIущIэр къыщыззIуихым къыкIугъэщащ къаIэта Iэхъум республикэм щыпсэу куэдым я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Бакъ Николай жиIащ федеральнэ законымкIэ зэраубзыхуар цIыхухъур илъэс 65-м, цIыхубзыр илъэс 60-м пенсэм ягъэкIуэныр.

- Абы илъэси 10-м кърибыдэу хуэмурэ дыхуэкIуэну араущи, куэдыр нэхъ пасэу пенсэм кIуэнущ. Къэбгъэлъагъуэмэ, иджы ялъэ цIыхур илъэси 2-кIэ нэхъ пасэу зигъэпсэкуну тIысыж хъунущ, зэрылажьа илъэс бжыгъэр инмэ. Сабиищ зыпI цIыхубзхэм я пенсэ ныбжьыр илъэси 3-кIэ нэхъ мащIэ ящIащ, бынилI зиIэхэм - илъэси 4-кIэ. Къищынэмыщ1ауэ, нэхъ ипэкIэ зэрыщытами хуэдзу, пенсэр и чэзум нэмысауэ хуагъэувынущ зэранигъэ зыпылъ Iэнатlэ Iутхэм, Чернобыльм щыIахэм, сабий ныкъуэдыкъуэ зиIэ цIыхубзхэм, бынитху е нэхъыбэ къэзылъхуахэм, нэгъуэщI цIыху щхьэхуэхэми, - ягуригъэIуащ къэпсэлъам.

Бакъым къыжиIащащ, егъэджакIуэхэмрэ медициндэ, творческэ лжьакIуэхэмрэ пенсэр нэхъ пасэу зэрыхуагъэув Iэмалхэри зэрыщытауэ къыззырынар, и лжьыгъэмкIэ иIэ стажым елъытауэ къигъуэв мардэхэми зэхъуэкIыныгъэхэр зэрамыIэр. Нэгъаби хуэдэу, абыхэм я стажыр илъэс 15-м къыщыщIэдзауэ 30-м нэсын хуейщ, зыхиубыдэ льготэм елъытауэ.

Законым щIэуэ халъхьахэм ящыщ нэгъуэщI зы Iэхъугъуи къигъэльэгъуащ къэпсэлъам. Пасэу лжьэзи IэдзэдзакIэ Iэмалыфlягъуэтащ я ныбжьым елъытауэ пенсэм зэрагъэкIуэнум и мызакъуэу, стажу къалэжьами ар тещIыхьауэ зэрыщытынур. Апхуэдэу, цIыхухъурэм илъэс 42-рэ, цIыхубзхэм илъэс 37-рэ стажу яIэмэ, мазэ 24-рэ и пэкIэ страховой пенсэр хуагъэувыфынущ, ауэ, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, я ныбжьыр илъэс 60, 55-рэ хъуауэ щытын хуейщ. Мы зэманым ар къахъ цIыхуи 8-м: зыр цIыхухъущ, адрейхэр цIыхубзщ.

Бакъым жиIащ Пенсэ фондым е Къэрал Iэхъутхьбзэхэр щыхуащIэ порталым цIыхухэр езыхэр зэрыщыкIэтыпIлъыфынур яIэ стажым. Зэрылажьам щыщ пIалъэ гуэр абы къыщымыгъэзэгъауэ гу льитэмэ, абы и дэфтэрхэр Iэхъущ1апIэм Iэригъэхъэн хуейщ, пенсэр щыхуагъэувкIэ ахэри къалъытэн папщIэ.

- Законым къыщыгъэлъэгъуащ къуажэм щыпсэууэ мэкъуамэш Iэнатlэм илъэс 30, нэхъыбэкIэ щылажьахэм (иджы пенсэм тIысыжахэм) 2019 гъэм щыщылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ я пенсэм процент 25-кIэ яхуэхъэсхъуэныр. Республикэм мы зэманым ар цIыху мини 3-м нэблагъэм къыщацхь, - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ зи гугъу ящI пIалъэм хуэдизкIэ цIыхур мэкъумэшым телэжьаныр, мы зэманым ар къуажэм дэмысижмэ, а процентыр хущIагъуну зэрамыдэр.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** жиIащ ар къыззремызагъыр, сыту жыпIэмэ и пенсэм хухагъэхъуэн щхьэкIэ ар ирикъункIэ къуажэм щылажьащ. Абы комитетымрэ КЪБР-м и Пенсэ фондымрэ къыхуридджащ а Iэхъум егупсысу, УФ-м и Къэрал Думэм хуэфащэ жэрдэм зэрыхалъхьэнум елэжьыну.

ЗэIущIэм щыжиIащ мардэкIэ къыхуагъэув илъэс бжыгъэм хуэдизкIэ мылэжьаэр пенсэм зэрагъэкIуэну щыкIэми зэхъуэкIыныгъэ зэригъуэтыр. Псалъэм папщIэ, нэхъапэм щыхубзэр илъэс 60-м, цIыхухъурэр илъэс 65-м ягъакIуэу щытамэ, иджы абыхэми илъэс тхурытху хущIагъунущ. А зэхъуэкIыныгъэхэр зэуэ хамылъхьэу, пIалъэ-пIалъэкIэрэ ягъэзэщIэнущ.

Бакъ Николай жиIащ пенсэ ныбжьым нэблэгъауэ цIыхур и Iэнатlэм IузыгъэкIыр е ар лжьапIэ къэзымыщтэр административ, уголовнэ жэуапым зэрырашэлIэнур. Ауэ пенсэ ныбжьым нэблагъауэ цIыхур езым и фIэфIыныгъэкIэ и Iэнатlэм IуикIрэ нэгъуэщI лэжьыгъэ имыгъуэтамэ, зэрылэжьапIэнщэм къыхэкIкIэ къратину сом мини 4-рэ 900-м хэпщIыкIыу хэхъуэнущ икIи сом мин 11-рэ 780-рэ зы илъэскIэ къыIэрыхьэнущ.

Пенсэр зэрат хабзэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр Аруан районым зэрыщагъэзащIэм зэIущIэм щытепсэлъыхьащ КЪБР-м и Пенсэ фондым и щыпIэ къудамэм и унафэщI **Къалмыкъ Ритэ**.

ЗэIущIэм и кIэуэм Жанатаев Сэлим жиIащ 2018 гъэм КЪБР-м и Пенсэ фондыр Урысей Федерацэм щылажьэ апхуэдэ Iэхъущ1апIэ нэхъыфIи 10-м ящыщ зэрыхъуар икIи абы и унафэщIымрэ и лжьакIуэхэмрэ фIыщIэ яхуищащ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iанэ.

● Юбилей

Кавказым итхьэкъуа тхакIуэ

Урыс литературэм и классик Пушкин Александр къыззраIэхурэ илъэс 220-рэ ирокъу

Ди къэралым мэкъуаугъуэм и 6-м щагъэлъапIэ Урыс литературэбзэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Пушкин Александр къыщалъхуа махуэр.

ДРАМАТИРГ, прозаик, критик, литературэм и теоретик, тхыдэжь, публицист Пушкиныр XIX лIэщIыгъуэм псэуэзэм и Iуэхущ1афэкIэ къахэщырт. Псалъэ дахэ куэд нобэ хуагъэфащэ а усакIуэ тепльыдэм, ауэ адыгэхэм ар «благъэ» тхуэзыщIар абы и творчествэ бейм ди лъэпкъым теухуауэ щыжиIа псалъэрщ, ар и Iэдакъэщ1экIхэм гъэщIэгъуэну къыззрихьэщыжырщ. Кавказ щIынальэм и дахагъэм, къабзагъэм, уардагъэм нэхърэ езы «бгырыс IумпIейхэм» нэхьыбэу дихьэхат тхакIуэр, уеблэмэ, лъэпкъыр бэлъхь щыхэхуэхэм деж хэкIыпIэ къахуилъыхъуэну яужь щитари машIэрэкъым.

Кавказым къулыкъу щищIэну къагъэкIуа иужькIэ (1820 гъэ) Пушкин и Iэдакъэ къыщIэкIа «Путешествие в Азрум», «Кавказ гъэр», «Кавказ» тхыгъэхэм хэт куэд щIауэ еджэжа? «Адыгэхэм дэ фIыуэ дыкъалъагъуркъым. Дэ ахэр я щIыпIэхэм идоху, я къуажэхэр зэтыдохъунщIэ, лIакуэхэр догъэкIуэд. Ахэр бгым йохьэжри зыщагъэпщкIу, ауэ щIэхъщIахэр къуттоуэ... Мы лъэныкъуэмкIэ адыгэхэм я бзаджагъэм и хъыбарыр щыкуэдщ. Сэшхуэмрэ къамэмрэ я Iэпкълъэпкъым щыщ Iыхьэу фIэкIа ящIэжыркъым абыхэм, я сабийхэр мыпсалъэ щыкIэ къамэр Iэрыхуэу ягъэбзэн щIадзэ. Иджыблагъэ ди сэлэт уIэгъэ зыщIа адыгэ щIалэ къэдубыдат. Зигъэзэхуэжыну Iэмал еттати, къыджиIар пщIэрэ? «Си Iэщэр куэдыгъэрэ сымыгъауэу щылъат-тIэ...» Сыт апхуэдэ псалъэкъым епщIэнур?», - щетх Пушкиным «Путешествие в Азрум» тхыгъэм. Ауэ щыхъуKи, бгырысхэр дахэкIэ къэгъэIурыщIа зэрыхъунуми егупсыс зэпытщ.

Пушкин Александр и Iэдакъэщ1экIхэр Iэзэу адыгэбзэм къарагъэззгъащ Тхьэгъэзит Зубер, Уэрэзей Афлик, Бемырзэ Мухьадин сымэ, нэгъуэщIхэми.

«Хэт нобэкIэ Пушкин Александр, сыт хуэдэ къэлэн абы илъ XXI лIащIыгъуэм щигъэзащIэр?» - упщIм и жэуапу, пхужьIэнур зыщ: ар усыгъэм и фIыпIэр къызэрагъэлъагъуэ щыщIэнущ, зи пщIэр литературэм кIуэ пэтми щыхэхъуэщ. Куэдым ди нэIуасэ усакIуэ зырызхэм ящыщщ Пушкиныр, икIи гъащIэм дызэригъуэз щыгъэкIэм елъытауэ, зэ нэхъ мыхъуми, абы и усэхэр губампIэдэх зыхуэмыхъуа щыIэу къыщIэкIынкъым.

Пушкин Александр къипсэуар мащIэ дыдэу (1799 - 1837) къалъытэ языныкъуэхэм. ПщIыщ! ЛIэщIыгъуитIым щигъуащ абы и гъащIэр. АдэкIэ къыззрыхупищэнуми шэч хэлъкъым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Гъатхэсэр и чэзум зэфIагъэкIащ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ вэн-сэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр къызыхуэтыншэу икIи къыхуагъэува пIалъэм фIимышу къыщрахьэлIа щыналъэхэм.

МЫ ЗЭМАНЫМ ирихьэлIэу хьэцэпэцэрэ джэшхэкIыу хасар гектар мини 170-м нызэрохьэс. Абы щыщу нартыхум гектар мини 150-м щIигъу, сэхураным - мин 17-м щIигъу хухахащ. Хадзэкъым елэжьхэми ипэ ита илъэсым елъытауэ хуэдитIкIэ нэхъыбэ ящIащ.

Иужьрей илъэс зыбжанэм ди мэкъумэш-промышленнэ IэнатIэхэм кIэртIоф нэхъыбэ хасэу хуежьащ. Мы гъэми абы и бжыгъэм кIэрагъэхуакъым - гектар мини 8,5-м щIегъу. Ар 2018 гъэм хасам нэхърэ хуэди 2-кIэ нэхъыбэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

НОБЗЭ

♦**Ерыскъэпхъэ шынагъуэншэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Алтай Республикэм и конституцэр къыщащта махуэщ**

♦**Къыргъызым и финанс, экономикэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**Испаниием щагъэлъапIэ Республикэм и махуэр**

♦**1340 гъэм** Голландиием Роттердам кьалэм и лъабжьэр щагъэтIылъащ.

♦**1498 гъэм** Колумб Христофор ежьащ дунейр къызэхикIухьыну, иджы ещанэр.

♦**1732 гъэм** Санкт-Петербург ящэ ЩIымахуэ ардэунэм, пащтыхь гуащэ Иоанн ипхъу Аннэ хуаухам, и лъабжьэр щагъэтIылъащ.

♦**1775 гъэм** Колоние Зэгуэтхэм я щIэр Америкэм и Штат Зэгуэтхэру зэрахьэкIащ.

♦**1972 гъэм** Москва щыщIадзащ шыхэр зыщIэщIа гухэмкIэ цIыхухэр къыщIащIэжкIыну гъущI гъуэгу ухуэныр.

♦**1881 гъэм** Пушкин Александр и фэеплъ Москва къыщыззIуахащ.

♦**1903 гъэм** франджы щIэныгъэлI Кюри Пьер Берлин кьалэм хэIущIыIу щищIащ полоний химие пкъыгъуэщIэр къыззрихутар.

♦**1919 гъэм** Нью-Йорк ялъэ щекIуэкIащ автомобилыр зегъэкIуэным зэрыхуэхьэзырыр къыззрапщытэ экзаменхэр.

♦**1936 гъэм** КЪБР-м Физкультурэмрэ спортымкIэ и республикэ комитет къыззрагъэпэщащ.

♦**1960 гъэм** Сауд Хьэрыпым цIыхубзхэр хуит щащIащ щIэныгъэ зрагъэгъэтыну.

♦**2008 гъэм** Европэм футболымкIэ и чемпионатым щIидзащ. Ар Австриемрэ Швейцариемрэ щекIуэкIащ мэкъуаугъэуэм и 7-м къыщыщIэдзауэ мэкъуаугъуэм и 29 пщIондэ. Абы щытекIуауэ щытащ Испаниием и командэ къыхэхар.

♦Уэрэджы1акIуэ цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубз артист **Собинов Леонид** къыззраIэхурэ илъэси 147-рэ ирокъу.

♦Дзэ къулыкъущIэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым и ЛIыхъжь **Мерецков Кирилл** къыззраIэхурэ илъэси 122-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, усакIуэ-уэрэдыз, драматург, актёр, УФ-м и цIыхубз артист **Арканов** (и унэцIэ дыдэр **Штейнбокщ**) **Аркадий** къыззрагъэхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, Урысей Федерацэм и цIыхубз артисткэ **Лавровэ Татьянэ** къыззраIэхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, драматург, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **Хъурмэ Хъусен** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Тыркум щыщ адыгэ тхакIуэ, Нобель саугъэтым литературэмкIэ и лауреат 2006 гъэм хъуа **Памук Орхьан** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Тэтэр Анатолий** къыззраIэхурэ илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Урысей тхакIуэ **Донцовэ Дарье** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ, Урысейм щIыхь зиIэ и артист **Маршал Александр** (и унэцIэ дыдэр **Миньковщ**) и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисисткэ, 2016 гъэм Рио-де-Жанейрэ (Бразилие) щекIуэкIа Олимп Джэгуэхэм щытекIуа **Макаровэ Екатеринэ** и ныбжьыр илъэс 31-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриткIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щIыщытынущ, уэшх мащIэ къыщежьынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жащым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Дэтхэнэ зыми

● «Адыгэ псалъэр» къыхьзох

АнэдэлъхубзэкIэ къыдэкI ди газетыр адыгэ унагъуэ куэдым я дежкIэ гъуэгуанэ, лъэпкъым щыщ цIыху хэкупсэхэм я гъуэгуГэлъагъуэу, унэтIакIуэу зэрыщытыр си дежкIэ нэрылъагъущ. Адыгэ унэцIэ зэрызетхьэм и мызакъуэу, псэкIэ адыгэу зызыльытэжхэм дащыщыщ Iэпщащхэр ди унагъуэр.

АУЭ щыхъукIи, дэ фIыуэ долъагъу «Адыгэ псалъэ» газетыр, ди щIэщыгъуэу сыт щыгъуи доджэ икIи дыполлъэ и кьыдэкIыгъуэхэм. Абы идогъуатэ ди щIынальэм, къэралым, хамэ щIыпIэхэм къыщыхьу-къыщыщIэхэм ятеухуа хъыбархэр.

Егъэлея мыхъуну къысщохъу ар ди кьуажадэхэм я чэнджэщэгъуфIу, ныбжьэгъуфIу жысIэмэ. Ар куэдым щIэгъэкъуэн яхуохъу, псом хуэмыдэу егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм, апхуэдэуи адэ-анэхэм, нэхъыжьыфIхэм. Дэтхэнэм и дежкIи нэхъыщхьэр лъэпкъым хуэфащэ щIэблэ гъэсэныгъэ, ди блэкIам щыгъуазэ, нобэм хуэмыджэр, къэкIуэну дахэр зи пльапIэ щIыхь къэдгъэхъуныщ. Ауэ щыхъукIэ, а къалэнхэм тэмэму дапэлъэщыныкIэ щIыкуKIэ сэбэпышхуэ къытхуохъу, тегъэщIапIэ инуи диIэщ ди лъэпкъ газет закъуэр. Абы и напэкIуэцIхэм къытехуэ тхыгъэхэм ящыщ куэд гъащIэм къыхэпх хъуну дерсу къыдолъытэ.

Си щхьакIэ сфIэфIу, сыдихьэхыу сыкъоджэ «Адыгэ псалъэм» и напэкIуэцI щхьэхуэхэми. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, «Махуэку», «Малъхъэдис», нэгъуэщIхэри. «Адыгэ псалъэр» ди лъэпкъым ифI зезыхуэ, и зыужьныгъэм хуэлажьэ газетщ. Газетым и ялъ номерыр къыззрыдэкIрэ мы махуэхэм илъэс 95-рэ ирикъуащи, сохъуэхъу иджыри илъэс минкIэ кьыдэкIыну, и псалъэр жану, и зэфIэкIми и пщIэми хэхъуэ зэпыту.

IэПЩАЦЭ Хьэлимэт.

Шэрэдж щыналъэ, Аушыджэр къуажэ

ИЗ ПОЧТЫ РЕДАКТОРА

«Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и IэухукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и IэухукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ К.В. хуегъэзыхьын Iэ щIидзын икIи хэIущIыIу ищын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м
№1070-П-П

(Законыр 2-нэ нап. итщ).

Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2019 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м

1 статья. Мы Законым зэблигъэкІ Іэухур

«Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыІэм и Іэухукіэ» Федеральнэ законым тету мы Законым еубзыху Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм (адэкІэ - Уполномоченнэм) и правовой щытыкІэр, абы и къалэн нэхъыщхьэхэмрэ полномочиехэмрэ.

2 статья. Уполномоченнэм и лэжьыгъэр зытрищІыкІы хабзэ лъабжьэр

Уполномоченнэм езым и лэжьыгъэр кІызэрегъэпэщ Урысей Федерацэм и Конституцэм, дунейпсо хабзэм и мардэхэу псоми кІалъытахэм, Урысей Федерацэм нэгъуэщІ къаралхэм ярищІыІа зегурыІуэныгъэхэм, федеральнэ конституцэ законхэм, «Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыІэм и Іэухукіэ» Федеральнэ законым, Урысей Федерацэм и адрей хабзэ мардэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, мы Законым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и адрей хабзэ мардэхэм къагъэувэжи езэгъуеу.

3 статья. Уполномоченнэм иригъэкІукІ лэжьыгъэр

1. Уполномоченнэм иригъэкІукІ лэжьыгъэр хузэуэтІащ сабийхэм я хуитыныгъэхэмрэ абыхэм законкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ къэралым ихъумэнымкІэ шэсыпІэхэр кІызэгъэпэщыным, сабийхэм я хуитыныгъэхэмрэ законкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щыпІэ унафэр зезыГъакІуэ органхэм, егъэджакІуэ, медицинэ Іуэхущапіэхэм, сабийхэмрэ сабий зиІэ унагъуэхэмрэ социальнэ, кІинэмыщІ Іуэхутхьэбзэхэр организацэхэм, кІуныкъущІэхэм я хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и законодательствэм тету дисциплинарнэ, административнэ е уголовнэ жэуапым ешэлІэныжьмкІэ лъабжьэ зиІэ Іуэхуэр яхуеГэжь.

3. Уполномоченнэм Урысей Федерацэм и законодательствэм тету езым и щхьэкІэ е зыхуэфащэ полномочиехэр зиІэ кэралым органхэм, кІуныкъущІэхэм ящІыгъуу кІепщытэ Уполномоченнэм кІыхуагъэхьа тхьэусхафэхэр, сабийхэм я хуитыныгъэхэмрэ законкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ кІыщІызэпаудам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и Гъэзэщ1акІуэ органхэм, щыпІэ унафэр зезыГъакІуэ органхэм, егъэджэныгъэ, медицинэ Іуэхущапіэхэм, сабийхэмрэ сабий зиІэ унагъуэхэмрэ кІыщІызэпаудам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и Гъэзэщ1акІуэ органхэм, щыпІэ унафэр зезыГъакІуэ органхэм, егъэджэныгъэ, медицинэ Іуэхущапіэхэм, сабийхэмрэ сабий зиІэ унагъуэхэмрэ социальнэ, кІинэмыщІ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщІэ организацэхэм, кІуныкъущІэхэм сабийхэм я хуитыныгъэхэмрэ законкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хуэмынмкІэ ящІыгъуу къеплъыкІ.

5 статья. Уполномоченнэм и кІуныкъум зэрагъэувыр

Уполномоченнэм и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщІхьэщхьыр

1. Уполномоченнэр и кІуныкъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм илъэситку пІалъэкІэ егъэув Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж щыІэм зэрыгурыІуам тету. Зы щыхур Уполномоченнэм и кІуныкъум зэкІэлъыкІуэу пІалъитІ нэхъ нэхъыбэкІэ ягъуэу хъунукъым.

2. Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж щыІэм зэрыгурыІуам тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэкІэ Уполномоченнэм и полномочиехэр нэхъ пасэу къигъэувыІэ хъунущ.

6 статья. Уполномоченнэм и къалэн нэхъыщхьэхэм

Уполномоченнэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ:

1) сабийхэм я хуитыныгъэхэмрэ законкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыпІэ къыщызэгъэпэщыныр;

2) сабийхэм я хуитыныгъэхэмрэ законкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ кІызэгъэпэщыным хуэгъэза къэралполитикэ зэгуэтыр пхыгъэкІыным елэжьыныр икІи абы ипкъ иткІэ ищхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуа къэрал политикэр пхыгъэкІын мурадкІэ кІызэрагъэпэща зэзыгъэуІу органхэм я лэжьгъэм хэтыныр, апхуэдэу абыхэм ятеуху зыхуэфащэ Іуэхуэхэр гъэхъэзырыныр икІи ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм яхуегъэхьыныр;

3) сабийхэм я хуитыныгъэхэмрэ законкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ къыщызэпаудам деж ахэр зэтегъэувэжынымкІэ ядэІэпыкъуныр;

4) балигъ мыхъуахэр щхьэрыутІыщІу щымытынымкІэ, абыхэм хабзэр кІызэпамыдынымкІэ профилактикэ лэжьыгъэм хэтыныр;

5) сабийхэм я хуитыныгъэхэмрэ законкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хуэмным зи лэжьыгъэр хуэунэтІа жылагъуэ Іуэхущапіэхэм зегъэужьынымкІэ защІэгъэкъуэныр.

7 статья. Уполномоченнэм и полномочиехэр

1. Езым къыбгъэдэхуэ къалэнхэм ялкъ иткІэ уполномоченнэм пкегъэкІ «Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыІэм и Іэухукіэ» Федеральнэ законым, адрей федеральнэ законхэм, мы Законым, адрей республикэ законхэм щыубзыхуэ хуитыныгъэхэр.

2. Уполномоченнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэухэр органхэм, щыпІэ унафэр зезыГъакІуэ органхэм, кІуныкъущІэхэм я ящыщу зи правовой актхэм, унафэхэм е лэжьакІэм хиубыдэу сабийхэм я хуитыныгъэхэмрэ законкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ къыщыпсыпудахэм апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэр гъэзэкІуэжынымкІэ, апхуэдэу сабийхэм я хуитыныгъэхэмрэ законкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ къыщыпсыпудахэр Урысей Федерацэм и законодательствэм тету дисциплинарнэ, административнэ е уголовнэ жэуапым ешэлІэныжьмкІэ лъабжьэ зиІэ Іуэхуэр яхуегъэхь.

3. Уполномоченнэм Урысей Федерацэм и законодательствэм тету езым и щхьэкІэ е зыхуэфащэ полномочиехэр зиІэ кэралым органхэм, кІуныкъущІэхэм ящІыгъуу кІепщытэ Уполномоченнэм кІыхуагъэхьа тхьэусхафэхэр, сабийхэм я хуитыныгъэхэмрэ законкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ къыщыпсыпудахэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и Гъэзэщ1акІуэ органхэм, щыпІэ унафэр зезыГъакІуэ органхэм, егъэджэныгъэ, медицинэ Іуэхущапіэхэм, сабийхэмрэ сабий зиІэ унагъуэхэмрэ социальнэ, кІинэмыщІ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэзыщІэ организацэхэм, кІуныкъущІэхэм сабийхэм я хуитыныгъэхэмрэ законкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хуэмынмкІэ хиубыдэ эксперт, щІэныгъэ-аналитикэ лэжьыгъэхэр зыгъэзэщІэфын щІэныгъэ Іуэхущапіэхэр, кІинэмыщІ организацэхэр, апхуэдэу еджагъэшхуэхэмрэ Іэщ1агъэпІэкІэмрэ щІэгъэкъуэн къишІыну.

11 статья. Уполномоченнэм и лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщыр

Уполномоченнэм и лэжьыгъэр правовой, аналитикэ, информацэ, документацэ, финанс, мылъку-техникэ лъэныкъуэхэмкІэ къызэрагъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахъщэкІэ.

12 статья. Уполномоченнэм и лэжьыгъэм зэрыхэІэбэм папщІэ яхь жэуапыр

Зыхуэй унафэ кърагъэщтэну Уполномоченнэм и лэжьыгъэм хэІэбэхэр, Уполномоченнэм законым тету кІуныкъущІэхэм яхуигъэувэжр зыгъэзэщІэхэр, абы и лэжьыгъэм нэгъуэщІ щыкІэкІэ зэран хуэхъуэр жэуапым ирашалІэ административнэ къуэншагъэхэмкІэ законодательствэм тету.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ

КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм накъыгъэм и 8-м
№18-РЗ

Нартан (Къылышийхьэблэ) къуажэм щыІэу щыджащэ куэд къыдэкІащ. Абыхэм ящыщ зыщ илъэс 60-м щІигъэуэу журналист Іэщ1агъэм пэрыт Мэрем Задин Мэтан и къуэр. Пэжыр зи гуаазэ, псе хьэлэл зиІэ, жьыми щІэми екІуу къадэгъуэгурыкІуэ а лІым республикэм и щыхубэ кІыбарегъащІэ Іэнатіэм хэлъхьэныгъэшхуэ дыдэ хуищІащ.

Лъэпкъ журналистикэм зи гуащІэ хэзылъхьа

● ДифІ догъэлъапІэ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэрэ абы и къуэдзэ Жанатаев Сэлимрэ Мэрем Задин игъэлъапІэ.

ЗИ САБИИГЪУЭР зауэ зэман хьэлъэм хиубыдахэм ящыщщ Мэремыр. Курыт школым зэрыщІтІысхьэрэ илъэсиц фІэкІа дэмыкІауэ, Хэку зауэшхуэр къэхъеящ.

- Школым сыщыщІэса зэман кІэщІыр зэи сщымыгъупщэжыну сигу кьинащ, - жеІэ абы. - Си адэ-анэри си шыпхъу нэхъыжьхэу Къарэжанрэ Жанурэ колхозым щылажьэрти, унагъуэр зыми дыщымыщІэу дыпсоурт. Жану колхозым и жэмыш пашэт. Абы къыхуагъэфащат «Щыхьым и дамыгъэ» орденыр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатуи хахат. Мыдрейхэр - МутІэд, Хьид, Женя, сэ - дышколакІэхэт. Ещанэ классыр къэзухыху гугъуехьыр зищІысыр сщІакъым. ИтІанэ зауэ бзаджэр къэхъейри, си еджэнри илъэсиплІкІэ зэпыуащ. ЦыкІуи ини, жьыи щІэи колхоз губгъуэм дихьэн хуей хьуащ. Лэжьыгъэ хэлъмэ си адэр ныкъуэдыкъуэ ищІат, си къуэш нэхъыжьхэри зауэм кІуати, унагъуэр зыхуей хуэгъэзэнэр ди анэм и пщэм къыдэхуащ. ЗэрыхъукІэ псори дызэдэІэпыкъуэрэ, а зэман хьэлъэм дыкъыкІащ. Зауэ нэхъыми си кІуэш нэхъыжь Хьид и жьыІэкІэ еджапІэм сыщІэтІысхьэжри, хьарзынэу сеХъулІэу къэзухащ, уеблэмэ комсомол стипендие щъхьэхуи кІызату щытащ.

ЗэфІэкІ лъагэхэр еджэным къызэрыщигъэлъагъуэм, комсомол гъащІэм жьыдэру зэрызэтым кьыхэкІыу, Задин и цІэр БЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и ЦІыхь тхылъым 1950 гъэм иратхащ. 1951 гъэм Налшык щекІуэкІа республикэпсо комсомол конференцыи хэтащ.

Школыр екъулІэныгъэкІэ кьиуха нэужь, абы къыхуагъэлъэгъуащ Темирязевым и цІэр зрихьэу Москва дэт мэкъумэш академиемк щеджэну, арщхьэкІэ унагъуэм мылъкушхуэ зэрабгъэдэмылъым кьыхэкІыу екъэлъ1акъым.

1952 гъэм ар щІэтІысхьащ Къэбэрдей пединститутым урысыбзэмрэ литературэмкІэ и кьудамэм. Абыи зэфІэкІ лъагэхэр къыщигъэлъагъуэу щеджащ, факультетым и комсомол зэгухьныгъэм и унафэщІуи щытащ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, урысыбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэу Задин зэман гуэркІэ щылэжьащ Джэрмэншык и курыт школым, Нартан дэт интернатым.

Зэпрыува лэжьыгъэр хъарзынэу къехъулІэми, абы мурад ищІат журналист Іэщ1агъэми и зэфІэкІ щелпльжьыну. Абыи щхьэусыгъуэ иІэт: тхэнр фІэфІт. Школым щыщІэсами щыстудентами абы и тхыгъэхэр кьытехуэрт ранэр, республикэ газетхэм. Ар «Къэбэрдей пэж», «Советская молодежь», «Кабардино-Балкарская правда» газетхэм штатым хэмыт я корреспондентуу лэжьащ. Журналист Іэнатіэм щича япа лъабжьхъуэкІэ ябгъэкІыжьыну. Задин и ІэщащІэкІымкІэ ахэр тхыдэм къыхинащ.

Сыт хуэдэ Іуэхуми жьыджэру хэт, дэтхэнэ лэжьыгъэри нэгъэсэуэ зыгъэзащІэщ Мэремыр. Нобэр къыздэсым абы и лэжьакІэр цІыхухэм ягъэщІагъуэу, езэшыр зищІысыр имыщІэу жанщ.

- 36гъэдэлъ къаурмкІэ, си гуащІэмкІэ псом япэрауэ фІыщІэр зейр Тхъэшхуэрщ. Узынщагъэ быдэ къысхуигъэфэщащ, - жеІэ Задин. - Мыдрейуэ адыгэ хабзэм къезэгъыркъым къысхужьызыІэнхэр щыІэми, къыхэзгъэщыну къэрлІ фІыщІэшхуэ щІэщІ 48-кІэ сызыдэпсэуа, гуаэри гуапэри зыдзэгъэша, дэнэкІэ жьы къыщепщэми сымыщІэу къыбзэгъурыта си щхьэгъуэзм, Къэшыргъэ Хьэпащ1э ипхъу Евдокие, абы и лъэныкъуэкІэ фІыщІэшхуэ зэрыхуэфащэр. Си гъащІэр тынш къызэрысхуищынум хущІэкъуу къыздекІуэкІащ. МатематикэмкІэ иригъаджэу Шэджэм кьалэ дэт курыт школ №2-м, ижьыкІэ Нартан щыІэ интернатым щылэжьащ. Тхьэшхуэм къыхуиухар арати, 2008 гъэм дунейм екьжащ. Уи гъащІэмкІэ уарэзы жьыІэмэ, фІыщІэ щІэсщІынур нэхъыбэу ар кьекІуэкІащ. Си унагъуэкІи, лэжьыгъэкІи, ныбжьэгъуэкІи си насып кьикІауэ кьызолъытэ.

Мэремым и лэжьыгъэми гулъытэ игъэтащ. Абы щІыхь, дамыгъэ лъапІэ куэд кьыхуагъэфэщащ. Апхуэдэхэщ: «Лениныр илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу», «Хэку зауэшхуэм и илъэс-хэм зэфІиха гуащІэдэкІ лэжьыгъэм папщІэ», «Фронтовик», «Лэжьыгъэм и ветеран» дамыгъэхэр, КПСС-м и обкомым, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ, УФ-м и МВД-м и ветеран зэгухьэныгъэм, министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я щІыхь тхылъхэр. КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Щ1ыхь тхылъыр абы къыхуагъэфэщащ. Ар Нартан къуажэм щІыхь зиІэ и щІыхущ.

Задин и гукъыдэжыр къэзыІэтыр, и дэрэжэгъуэм хэзыгъахьэр и щІэджыкІа-кІуэхэм дзыхь къызэрыхуащІыр, и тхыгъэхэм къызэрыпэджэжырщ.

ТАМБИЙ Заремэ.

● Налшык

«Дэ дыззгъусэщ» муниципальнэ проектым ипкъ иту Налшык щекІуэкІащ «Къэхутэныгъэщ1эхэм дапежьэу» фІэщыгъэм щІэт Іуэхур

Зи узынщагъэм сэкъат иІэ сабийхэм папщІэ гъэлъэгъуэныгъэ гъэщІэгъуэнхэр ягъэхьэзырат «Налшыкдэс щІалэгъуалэм я ассоциацэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и волонтёр гупым. Абыхэм зэхагъэува программэр теухуат цІыкІуэхэм я гукъыдэжыр сыткІи къэІэтыным, я нэгу зэгъэужьыным. Волонтёрхэм сабийхэр ижьыкІэ зоопарким ящэри, абы ис псэушхьэхэм ятеухуа хъыбар гъэщІэгъуэнхэм, Кавказ Ищхьэрэм щынэхъ дахэ ди щІыпІэхэм щагъэгъуэзащ. «Сабийхэм я закъуэкъым дунеяпІэм дэрэжэгъуэ къыхэзыхар, дэри къэтщІащ ди тхыдэм екъэлІа щэху куэд», - жиІащ волонтёр гупым я нэхъыщхьэ **Ксанаевэ Жаннет**.

Щ1ыналъэ проектыр купщІафІэу гъэлэжьэныжькІэ Іуэхур кьыззригъэпэщащ Физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэ Іуэхухэмкі Налшык къалэ администрацэм и управленэм. Апхуэдэ акцэхэм нэхъыбэ кьызэрыхашэнымкІэ кьызэгъэпэщакІуэхэр адэкІи хущІэкъунущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Урысейм и кэр къигъэлІэнщ,
Пащтыхь зылымыгъэм и къутахуэми,
Ди цІэхэр лыду тратэнщ!

А. П. Керн деж

Сощ1эж нэплъэгъуэм я нэхъ лъапІэр:
Си пащхьэм уэ укъьухутат.
Дахагъэм и псэу, и гуГъапІэу
А напІэзыпІэм гу плъыстат.

Псэр ткІуу, зэшу, хуэмыхьыжу
Жэщ куэдкІэ уХэтащ си пщІыхь.
Уэ уи макъ гуакІуэр мыужьыхьыжу
Зэхэсхыу, къэхъуащ гъащІэр щысхь.

КІуэрт гъэхэр.
ГъащІэм и борэным
Си гуГъэ ІэфІхэр сфІыщІелъхьэж.
Хуэм-хуэму ущІехьжыр си нэм.
Уи макъыр уэгум ирехьэж.

ЩІыпІэ пхыдзар си хьэпст.
ФІыгъуэншэу, кІэлъэфу махуэхэр екІуэкІт, -
Нэпс симыІэжу, сыГъащІэншэу,
ЛъагъуэныгъэншэУ сэ есхьэкІт.

Къыдоушьж псэр зэман гуапэм:
Си пащхьэм уэ укъьохутэж, -
Дахагъэм и псэу, и гуГъапІэу
Аргуэру си нэр ныІуоплъэж.

Къызэщоуж сигу зэгуэудыр,
Сэ си псэр гуфІэу къопсауэ,
Дахагъэр, нэпсыр, си уэрэдыр,
Си лъагъуныгъэр къоушьж.

Зэзыдзэкіар **ТХЬЭГЪЭЗИТ Зуберщ.**

Ныр Раксанэ

● Хъыбар гуапэхэр

Наидэрэ Раксанэрэ хъарзынэу зыкъагъэлъагъуэ

«Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэр» (WorldskillsRussia) VII Лъэпкъ чемпионатым и кІэуэ Іыхьэм нэсахэм я зэпеуэ мэкъуэгуэгъуэм и 1 - 2-хэм Къэзан щекІуэкІащ. Ди республикэм щыщу абы хэтащ. Промышленность пІсынщІэм и колледжым, Налшык дэтым, и студентхэу Іэпщащэ Наидэрэ Ныр Раксанэрэ.

МЫГЪЭРЕЙ Worldskills-Russia зэпеуэм цІыху куэд хэтащ. Псори зэгъусэу къапщтэмэ, абы къриХьэлІащ зи ныбжьыр илъэс 12 - 16 хъу школакІуэхэм къыщыщІэдзауэ, илъэс 50-м нэса балигъхэмкІэ иухыжу цІыху минрэ щитхум щІигъу. НыбжьыщІэхэр зэпеуащ чемпионатым щыубзыхуэ унэтІныныгъэ 48-кІэ. Нэхъыжьхэм я зэфІэхІхэр щагъэлъэгъуащ унэтІныныгъэ 26-м. Зэпеуэхэр зытещІыхьахэм ящыщщ ухуэныгъэр, хъыбарегъащІэ, коммуникацІэ Іэнатіэхэр, творчествэмрэ дизайнымрэ, инженер технологиехэр, Іуэхутхъэбзэ щыхущІэ Іэнатіэхэр, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэр, транспортымрэ логистикэмрэ Іыхьэ щхьэхуэу къыхэгъэбелджылыкІат Future Skills (къэкІуэну зэманым и Іэщ1агъэхэр) унэтІныныгъэр. Абы тещІыхьауэ щытащ технологие лъагэхэр зи лъабжьэ унэтІныныгъэ 23-рэ.

Ди гуапэ зэрыхъущи, Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа пщащэхэм ябгъэщІэн зэфІэкІыр хъарзынэу къыщагъэльэгъуащ зэпеуэм. Щхьэщ1эщэ Іэщ1агъэм хуеджэ Наидэ щІэпщащэ Раксанэ «Зи школ кІуэгъуэ нэмысхэм яхуэгъэза гъэсэныгъэ» унэтІныныгъэмкІэ зэпеуэхэм яхэтати, зэхьэзэхуэм къапигъэтІыльэ къалэнхэм пэлъэщащ.

Урысей Федерацэм щыщ Іэщ1агъэлІ ныбжьыщІэхэм ящІыгъуу зэпеуэм хэтащ Австралием, Австриеи, Бельгием, Бразилием, Инджылыстан, Мэкэрым, Вьетнамым, Германием, Индием, Ираным, Италием, Къзахъстаным, Китайм, Корее Ипщэм, Лихтенштейним, Мароккэм, Монголием, Норвегием, Польшэм, Португалием, Сингапурым, Тайваным, Францджым, Швейцарием, Эстонием, Японием кІикІа ныбжьыщІэхэри.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ПУШКИН Александр и усэхэр

Услъагъут сэ фІыуэ

Услъагъут сэ фІыуэ, къиплъэм сэ си гущІэм,
Иджыри хъункІэ хъунщ уэ уилъагъун.
АрщхьэкІэ урепсэу уэ ар умыщІэу -
Сыхуейкъым сэ нэщхьей уэ узгъэхъун.
Услъагъут сэ фІыуэ бзэншэу, гугъапІэншэу.
СыфІигъуэрт зэми, зэм сыхъужьырт щым.
Сэр хуэдэу пхуэгъащІэри пщэжу
Тхьэм жиІэ уилъагъуну нэгъуэщІ зым.

Зэзыдзэкіар **БЕМЫРЗЭ Мухьэдинщ.**

Кавказ

Си закъуэщ. Кавказым ситщ и щыгум,
Сытетщ мыл джабэ щыхупІэм и нэзым.
Къыр дзакІэ жьыжьэм къытелъэтыкІри уэгум
Къихьауэ сибгъыкІэ къуршыбгъэр щохуарэз.
Псыкъелъэхэм я къыщІэжыкІэр сопъагъур,
Бгыри хьэзырщ къыгуэуну шынагъуэу.
Си лъабжьэм пшэхэр щІокІуэсыкІыр Іэсэу,
А пшэм псыкъелъэр пхольэтыкІ нэрынэу,
Псы ткІуэпсхэр къаубыдыжу щІым нэмысу,
А псори къыщІаІыгъэхэр къыр щІанэм.
Нэхъ и лъабжьэжкІэ жыгпыщыр щохуэлэжыр,
Гъурц гъущэхэр щыкъуейуэ щощэщэжыр;
Абы уаблэкІым хуейр щоалэрыбГъур,
Удзыпці щхьуантІэм зэщІищтауэ губгъуэр,
Къуалэбзум ягъэІу уэрэд гурыхьыр,
Абы щІэдзІуурэ къежьыхьыр щыхьым.
УекІуэтэхьІуэм джабэ жьэгъум
Хэтщ унэхэр, пфІэщІыну абгъуэ.
Мэл хъушэхэр кІапсэлъэрышэу
ИрокІуэ лъагъуэ нэшэкъашэм.
Ауз зэвым къыджа къуршыпсыр
ЩІхьэхъу кІуэцІрок тафэ дыгъэпсым.
Хуит хъужащи, гуфІэжауэ Тэрчи
Къызэрегъэлъэлыр и пхъэщІыкыр;
Мэкъугъыр зэм дыгъужь нэщІауэ,
Іуфэм къеныкъуэхуэу къыдажьыну.
Мывэ къыр нэпхыр хухэмыгъэщІауэ,
Псыхъуэм Іэсэу доувэж толъкъуныр...
КъыдэкІынуи имыІэж гугъапІэ:
ИрауБыдащи къыр пцІанэхэм гъэрыпІэм.

Зэзыдзэкіар **УЭРЗЭЙ Афликщ**

Чаадаевым деж

ГугъэфІым, щІыхьым, лъагъуныгъэм
Дэ дилъэхъакъым я пщІым къудрэ.
Бзэхащ ди сабийгъуэ дахэр -
ПщІыхь ІэфІым хуэдэу,
Пщэдджыкъ пшагъуэу.
Ауэ хъуэпсапІи нобэ диІэщ,
ДыщІэтми залымыгъэ джатэм,
ЩІодэІур ди псэ темыпыІэр
Ди хэкум дэ дызыхуриджэм.
Дэ дожьэ къыщысын пхъэнэм
ЩхьэхуитынынгъэУ ди псэм хуэтхыр,
ЩІалэр и пщащэм щыхуэзэну
Дакъикъэм зэрыпэплъэм хуэдэу.
ЩІхьэхуитынынгъэм псэр дэпльхуэу,
ЩІыхь лъагэм дигуэр хуэпсэуэу,
Ныбжьэгъуэ, ептыщ дэ ящІэм, бэм
Дахагъэ - къабзагъэу хэлъыр псэм.
Уэ щІы уи фІэщ: дэ ящІихуэблэнщ
Зэгуэр - и вагъуэр насып махуэм,

Нобэ илъэс 67-рэ ирокъу Нобель саугъэтым и лауреат Памук Орхьэн

Тыркум щыщ Экэ Умбертэ

«Къызэрызэджэр Плъыжьщ» романыр дунейм къыдэкІыжыгъ. Ар ІэдакъэкІэ щыщ Іэдакъэ. Ар и Іэдакъэ къыщІэкІащ иджырей тхакІуэхэм я нэхъ цІэрыІуэ, адыгэлІ Нобель саугъэтым и лауреат Памук Орхьэн.

Памук Орхьэн

И ТХЫГЪЭХЭР зэрыгъэнщІа философие къызэрымыкІуэм къыхэкІыу «Тыркум щыщ Экэ Умбертэ» цІэ лейр зыфІаща Памук Орхьэн и романхэр нэхъыбэу зытеухуар КъухьэпІэмрэ КъуэкІыпІэмрэ зэхуэмыдэ, зэмыщхь зыщІ щхьэхуэныгъэхэр къызэгъэпэгъуэнымрэ абыхэм къагъащІ гупсысэ зэпэщІэуэхэр утыку кІихьэнымрэщ. Нобэ теддзэ пычыгъуэр къызыхэтха романми аращ лъабжьэ хуэхъуар. Сурэт щІыным, тхылъ къыдэгъэкІыным, гъэщІэрэщІэным епхаяэ къуэкІыпІэ щІыналъхэхэм. Ауе щІыным лъандзэр къадэгъуэгурыкІуэ хабзэхэмрэ къухьапІэ лъэныкъуэмкІэ къыщыІуныкъэхуа Іэмалыщ Іэхэмрэ «зэрызэпэщІуэвар» дигъэлъагъуурэ, сурэтыщІхэм я гъащІэр, я дуней тетыкІэр, я Іэщ Іагъэм кърит щхьэхуэныгъэхэр кІыгъэсэбэпурэ, тхакІуэм къыдгуреІаІуэ «Жьым щытхъуи, щІэрэщІэным епхаяэ къуэкІыпІэ щІыналъхэхэм я къуэкІыпІэ щІыналъхэхэм. Ар къыщыхъуар жэщыбграти, дыщэпс къыстригъэлъэдэну хунэсакъым. Иджы си сурэтыр блыным фІэлъщ, сэ езыр сурэтыщ Іэзэшхуэ Лэйлэх и бохъшэм сыдэлъщ. Ар къьотэдж, бохъшэм сыкъыдехри, фэ сыкъывегъэлъагъу. Фыуэыншэм, фыуэыншэм, псоми фІэхъуг фызох! Си щыІофэр зэрыпэлыдым фыкъегъэнэсейри сэ сызейм фефыгъуэн щІыводзэ. Арауэ щытми, - фызахуэщ, - Сэ зыращ сурэтыщІым и Іэзагъыр къызэрапщ мардэр.**

ПАМУК Орхьэн:

СЭ СЫАХЪШЭЩ

«Къызэрызэджэр Плъыжьщ» романым щыщ пычыгъуэ

ИУЖЬРЕЙ мазищым Лэйлэх Іэзэ сэ схуэдэ дыщэ ахъшэу плІыщІрэ блырэ къилэжьащ. Дэ псори абы и чысэ щІыкІум дилъщ. Дэ Лэйлэх дигъэпщІуркъым, дызэриІэр зыми щибзыщІыркъым, абы ещІэ Истамбыл дэс сурэтыщІхэм ящыщу езым нэхърэ нэхъыбэ зыми къызэрымылэжьыфар. Сэри срогушхуэ сурэтыщІхэм лъытэныгъэ къызэрысхуащІам, абыхэм я Іэзагъым и пщалъэу сызэрагъэуам, сэ сыкъыщалъагъуКІэ я зэныкъэкъу псалъэмакъ купщІэнщэ псори зэуэ зэрыщагъэтым. Пасэ зэмаким сурэтыщІ делэхэр зэныкъэкъурт хэт нэхъ зэчиифІэм, плъыфэхэмкІэ хэт нэхъ Іэзэми зэхагъэкІыу, я нЫкъуэкъуэныр Іэпщэрыбанэм хуэмыкІуэуи зы пщыхьащхьэ дэкІыртэкъым. Иджы тепщэр сэращи, лъэщапІэхэр мамыр хъужащ, зэрылажьэу щыта хабзэхэм техьэжащ, уеблэмэ нэхъ зэчиифІэ дыдэ сурэтыщІхэри зэпэщІэуэжьыркъым.

Зы дыщэ ахъшэм къыщІэкІынуц: жьакІэупсхэм къагъэсэбэп гъуджэ, дэшхуейм къыхэщІыкІауэ, къупщхьэ бжаблэм иту; тхыпхъэщІыпхъэхэмкІэ гъэщІэрэщІа пхъуантэ, дыжьын Іэнтхъуийкэр и щІыІум хэпхъауэ, ящІэдгъэж щІыкІухэр хэту, дыгъэ сурэтышхуи тету; щІакхъуэ гъэжьагъащІэу щэрэ тІощІрэ; щІыхуищым хуриКъуф джэбыпхъэрэ апхуэдизэ зыщІэхуэн щІы Іыхьэрэ; дыжькъым къыхэщІыкІа нэтмыгъакъэ, Іэшм и Іыхьэ пщІанэ; зы шкІэ; Чынтым (Китайм) щащІа къупщхьэ тепщэчитІ; щэкІуэным хуагъэса къаргъей бзуулъэм ису; панайот шагъырым хуэдэ къъуэщынипщІ; нэгъуэщІ хъэпшыт щІыкІуфэкІу къом. Къапщтэмэ. Ику ит сурэтыщІым мазэм къыхуэзжьыр зы дыщэ ахъшэр.

Лэйлэх и чысэм сыкъыщыхутэн ипэ сэ махуипщІкІэ силъащ вакъэщІым и гъуКІэгъэсэным и лъэпэд фІейм. Жащ къэс а тхьэмыщкІэр жейм хилъафэрт сэ къысщІэкІыныхэр крибжэкІыыдэ. Абы седаІуэрэ, зэрыщыІуащ ахъшэкІэ сыти къызэрыпхуэщэхунур.

Нобэм хъэсыху си щхьэ кърикІуахэр фхуэсІуэтэжатэмэ, тхылъ Іув зыкъом ириптхьик хъунут. Ауэ иджыпсту дэрдэрщ, икІи, зыми жевмыІэну сыкъэвгъэгугъэрэ Лэйлэх Іэзэ и жагъуэ мыхъунымэ, зы щэху къыфхуэзІуСхынут. Сыкъэвгъэгугъэрэ си щэхур фхъуэмэну? Хъунщ-тІэ. Сэ сыахъшэ нэпцІщ, сыкъызыхэщІыкІар дыщэ мыхьэнэшэ дыдэщ. Венецием сыщащІри мыбы сыкъашауэ Уэсмэн пащтыхьым и ахъшэ пщІантІэу Чемберлиташ дэтым къыдэкІа дыщэ ахъшэ нэс хуэдэу сыкъагъэлъагъуэ.

СыщащІа Венецием къызэрызгурыІуамкІэ, ахъшэ нэпцІкэр щыныр си деж къыщежьакъым, атІэ илъэс Іэджэ щІауэ апхуэдизу йокІуэкІ. Іманыншэхэм къуэлэпІэм кърашурэ къуэкІыпІэм щыпхасІуэ дыщэ ахъшэ нэпцІхэр щащІыр Венецием щызекІуэ дукатхэр къыщыщІагъэкІ ахъшэ пщІантІэ дыдэрат. Уэсмэнхэм псалъэм пщІэ хуащІыт, тхауэ ирагъэлъагъур я фІэщ хъурти, дукат нэпцІхэм дыщэу хэлъыр зэрымащІам зэ еплъыгъуэкІэ гу лъамытэу къуэхьапІэм къаша дыщэ ахъшэ нэпцІхэм Истамбылыр псынщІэу зэщІащтащ. Зэман дэкІа нэужь, уэсмэнхэм къагурыІащ Іуэхур зытетыр икІи зрагъэсасащ ахъшэр дыщэ нэсрэ нэпцІрэ дзапэкІэ зэхагъэкІыу - дыщэр мащІэрэ гъуаплъэр ебэкІмэ, ахъшэм дзэкъанІэ къытенэнутэкъым. АхъшэмдзапэкІэеплърэ ар зэрымыдыщэ дыдэр къыгурыІуамэ, тхьэІухуд гуэрым и «жэнэтыбжэхэр» ары сыхэтым и пІэкІэ сыкьэт нЫкъуэт къызэрпхуэзІуихынкъ. Апхуэдэу екІуэкІыурэ дукатхэм дзыхь хуамыщІыжьыхэ хъури. Іманыншэхэм уэсмэн ахъшэ нэпцІкэр ящІу хуежьащ. Истамбыл щызекІуэ ахъшэм ещхьыркъэпсу хаутІыпщхьэмэ, уэсмэнхэм гу лъамытэнкІэ гугъэу. ПлъагъуКъэ ар зэрыхъур: Венецием щыщ джаурхэм ахъшэм дралъхьэри, толъкъунхэм дыщІагъэхъаеурэ, Истамбыл дыкъэсащ. Мыгувэу зэ сыкъыщыхутащ хъуж-къэхъуэжьым хэт лІым бжьыныхымей къызэжьэдицыцыкІ и жьэм. Асыхьэтым абы и Іуэхущ Іанте щІыкІум къыщІэзэрыхьащ мэкъумэшыщІэ жьІэзыфэщ гуэр. Абы и мурадт и дыщэ ахъшэр нэхъ жьгъейкІэ иригъэкъутэну. Хъуэжакіуэ хьэкІэпычым щытыкІэр къызэригъэсэбэпынур ищІэхэкри, мэкъумэшыщІэм и ахъшэр и жьэ бамэм хуихьащ: «Деплъынти уи ахъшэр нэпцІрэ мынэпцІрэ», - жиІэурэ. МэкъумэшыщІэм къихьа дыщэ ахъшэ нэсымрэ сэрэ хъуэжакіуэм и жьэ кІуэцІым дыщызэрихьэлІам, уэсмэн ахъшэр нэбгъэзкІэ къысхуелъэкІыурэ: «Уэ уаХъшэ нэпцІщ»,- къызжиІащ. Ар захуэт, ауэ апхуэдизкІэ гужьгъэжь дыдж хэлъу жиІати, сэ зызгъэгуэрэ: «Уэращ ахъшэ нэпцІыр!» - жысІэри пэздрыжащ.

Мэкъумэшыщ Іэ жьІэзыфІэщым апщондэху зигъэщІагъэуу щытт: «Сэ си ахъшэр нэпцІу къыщІэкІынкІэ зы Іэмал иІэкъым! Ар сэ илъэс тІощІ ипэкІэ щІым щІэстІауэ щытат. Абы щыгъуэ щыІа мы иджы къеКІуэкІ хьэдыгъуэдахэм хуэдэ?!»

Сэ сфІэгъэщІэгъуэнт къекІуэкІ Іуэхур зэрриухыну щыкІэр: хъуэжакіуэм къызжьэдихьжар мэкъумэшыщІэм и дыщэ ахъшэратэкъым, сэрат. «Къэщтэж уи дыщэ ахъшэр, сэ сыхуейкъым джаурхэм къахьа ахъшэ Іэрыщ!ым! Сыту умыуІкІытэр, напэ зимыІэ?» - текъуащІыхьащ ар мэкъумэшыщІэ пыІэхуабэм. Абы гъумэтІымэуэрэ сыкъишцтэри щІэкІыжащ. Апхуэдэ псалъэ дыдэхэр нэгъуэщІ хъуэжакіуэхэми къыщыжраІэм, мэкъумэшыщІэм и жэгъуащэ хъуауэ ахъшэ жьгъейкІ бгъущІ къезытым оритащ. Ар и ежьэкІэу сеижри илъэсиблкІэ къэскІуухьащ зы Іэм сыІэрыкІым адрей Іэм сыІэрыхьэу.

Сызыщытхъужьнщи, нэхъыбэм сэ сыахъшэ нэпцІу сыкъащІэртэкъым, дыщэ ахъшэ нэсхэм я фэ къызэплъу зы бохъшэм сыдэкІыри, адрейм сыкІуэрт, зы жыпІр, къэзбгынэрти чысэ гуэрым сыкъыщыхутэрт. ПщІыхьэпІэ шынагъуэм хэту си нэгу щІэкІырт кхъуэщІэн гуэрым срадзэу жыг хадзм илъ мывэ щІагъэм сыщыщІатІэу. Си насыпти, апхуэдэ пІалъэ зэшыгъуэхэр кІыхь хъуртэкъым. Хэт сыІэрымыхьэми, псом хуэмыдэу сызэрынэпцІыр къэзыщІэхэм, нэхъ псынщІэу сызэрыІэщІагъэкІыным хущІэкъурт. А зэманым къурибудэу сэ зэ ныкъуэ срихьэлІакъым сызрищэм сызэрыхьэшэ нэпцІыр жезыІа цІыху. Ауэ куэдрэ слъэгъуащ ахъшэ жьгъеищэрэ тІощІрэ къысщІэзыту сыкъэзыщэхуахэр сызэрымыдыщэ нэсыр къагурымыІуэ икІи сахуимыгъэкІыу зэрызэгуэпыр икІи псэху ящІэртэкъым нэгъуэщІ гуэр къагъапцІэу сэ сызыІэщІамыгъэкІаУэ. Сэ сащэжьным зэрыхуэпІащІэмрэ зэрыгубжьымрэ къыхэкІыу, абыхэм щыуагъэ Іэджэ къаІэщІэщІэрт, щыхилъэфапи къэхъурт, езыхэр къэзыІэпэцІам я бзэм къызэрихьІэ хуэшхыдэрт. ехъэнырт, уеблэмэ щебгыпи къэхъурт.

Илъэсиблым и изэцІкІэ сэ цІыху щитхурэ хыщІым яйуэ сыщытащ, сызыщІэмыхьа уни, тыкуэни, бззэри, мэжджыти, члиси къалэм къыдэнакъым. СыщызэкІуэкІ, псори къыстепсэлъыхьырт, скІэрыльри скІэрымыльри къысхужаІэрт, пцІы куэди къыстралъхьэрт. Си нэм къыщІаІуу сагъэкъуаншэрт сэр фІэкІа лъапІэныгъэ дунейм къытемынэжауэ жаІэурэ. СыгущІэгъуншэу, сынэфу, сэр нэхъ фІей, нэхъ напэншэ, нэхъ бзаджэнэдж щымыІэу жаІэрт, псори зытещІыхьыжар сэрауэ, сэ сызиІэм псори къыхуэщэхуну къалъытэрт. Сызэрыахъшэ нэпцІыр къызыгурыІуэзэм жаІэр нэхъеижт. Си уасэ дыдэр ехуэхьыху, си уасэ нэкъыбфІэщхьэхуэрт. Ауэ, дауэ щытми, цІыхухэм я нэхъыбэм гукІи псэкІи фІыуэ сыкъалъагъурт. Иджыри сыкъалъагъу, я лъагъуныгъэм щрагъэлей къэхъу.

Уэрамым уэрам кІэлъыкІыуэ, зы хьэблэм адрей хьэблэр къыпІыувэу, сэ Истамбыл и лІанэпэ псори къызэхэскІуэкащ. Сэ соцІыху журтхэм, абхъазхэм, хьэрпхэм, мингрелхэм я Іэхэр. Зэгуэрым сэ Истамбыл сыдэкІри Эдирне щыщ егъэджакІуэм и бохъшэм сыдэлъу Манисэ сыкІуащ. «Уи ахъшэр е уи псэр!»- жаІэу хуэнщІакІуэхэр къыщытпэувым, егъэджакІуэ тхьэмыщкІэм сыщигъэпщкІуну иІэр зы щІыпІэ закъуэти, абы крикудащ. Ар бжьыныхэу шхынэр си щІасэ хъуэжакіуэм и жьэм нэхърэ нэхъ бамэт. Абы иужькІэ кхъэъуар нэхъейжт... Си хуабжьу къыззэхэлъэкІат а гъуэгуанэр икІи абы лъандэрэ Истамбыл сызэрыдэмыкІыным сихущІокъу.

Истамбыл сэ пщІэ къыщыісхуащІт. Пщащэхэм ба къыісхуащІыт, псэлъэхъу нэкъыфІэщІ гуэрым сихуагъадэурэ, къэдабэ чысэ щыкІыкІэ сыкъэрхьэкІырт, я щхьэнтэ щІагъым сыщІадзырт, я гуфІакІэ щабэм сыдагъапщкІуэрт, щІагъщІэлъым сихалъхьэрт, уеблэмэ зэрыжейм хуэдэу сыкъалъыхъуэжырти, си пІэм сиІыжрэ симылъэкрэ зрагъащІэрт. СыщагъэпщкІуащ сэ хьэмэмым щІэт хьэкум и къуагъми, шырыкъу лъэгуми срадзащ, епэр щащэ тыкуэн щІыкІум птулъкІэ дахэм силъу сыщІэтащ, пщафІэм сыщрилаМ, джэш зэрылъ къэпым и щыдзэжьи хуэдэу пІлъагъу жыП гъэпщкІуам сыдэлъащ. Сэ Истамбыл къызэхэскІухьащ махъшафэ бгрыпыхьим и щІэбзэфэм, вакъэ лъэгурыдзым и лъабжьэми, гъуэнщэдж лъапэхъуэхэм хэгъэпщкІуа жыП куужьхэми сильу. СыхьэтщІыж Петро сыхьэт къеуэ гуэрым и кІуэцІым гъэпщкІупІэ къыщыісхуигъэтат, ерыскъыпхъэ зыщэ алыдж лІыжьым кхъуеишцхэм сыхиГъэпщІат. Мыхъуржхэм, бзыльхъуГъэхэм зэрызэрагъэщІэрадзІэ дыщэ пщэхъуэм, Іуэкъ Іыбзэ Іуэхэм сахэлъу, хъыданым сыкІуэцІыпхауэ уэнжакъыми хьэуазэ къурхьІэ куда уэнщэкуми сыщагъэпщкІуащ, щхьэгубжэ лъабжьэм иІэ дамэдзаэми сыдагъэнащ, пхъуантэ лъащІэми сыкъыщыхутащ, сырэ телъхьэпІэми сытелъащ. Сэ слъэгъуащ бынунэм я адэхэр нЫкъуэшхэу къэтэджрэ сыщІэстІыльам сыщылъыжрэ сыщымылъыжрэ мызэ-мытІэу зэрепльар. БзыльхъуГъэхэм щхьэусыгъуэ лъэпкъ ямыІэу я жьэм сыжьэдалъхьэрт, сэ сыфошыгъу кІанэ нэхъей. Лъакъуэ лъэныкъуэкІэ хъэдрыхэ мащэм ит лІыжьхэм махуэм щэ нЫкъэрэ сыкъыдахьфынут я фэ боХъшэхэм, кІыхьэпІъурэ сагъэтІылъыжьи фІэкІа Іуэху яМыІэми. Зы адыгэ бзыльхъугъэ хьабзэлъабзэ гуэрым унэр щІэзэлъыуихкІэ чысэ щІыкІум дыкъэрихырти, зырызыххэу дызэпилъыдзыкъэ. ИужькІэ сакІэлъплъыжри, къызгурыІуэжащ - сыту фІыт щыщІыкІум зэрызэзмыкъэзэыхьаэри, щхьэж зыхуей и лъагъуэр езым зэрыхишыжари. Ауэ си къэрылъху-пхъурылъхуэм сахоплъэри, сурэт щІыным дихьэх, ар кхъэзэхъуІэ зэрахэтым гу лъызотэ. Хэт ищІэрэ, абыхэм къахэкІынкІэ хъунщ хуДожник. Дэ сыт жьпІэми, а цІыкІуэхэм щхьэж я насыпІ яІэжщи, зыхуейм я Іэр текуэнущ. ГъащІэм хуэущэ хуэмурэ уи гум илъым. Ар зГъэунэхуаУэ, сощІэ фІыуэ!

Гъуэзджэм и лІэужьыгуэ зыбжанэм зэхуэдэу хуэІэзэ сурэтыщІым къегъэнахуэ гъущІымрэ зэрелэжь Іэмалыщ Іэхэр, графикэми диджитал-артми хуэІэижьщ.

Сытым елэжьами, Къанокъуэм и Іэр крипцІыхужу щабагъэ гуэр хэлъщ абы и сурэт телъыджхэм. Жыгым зэщхьу тхьэмпитІ зэрыпымытым хуэдэу, цІыхуитІи зэщхьу дунейм теткъым. Апхуэдэщ псэри. Руслан и Іэдакъэщ Іэкіхэм ращыхэпльэкІэ, зыхьобощІэ ахэр гумрэ псэмрэ къызэрикІыр. Зыми емыщхь псэ дахэм и джэрпэджжэу ди пащхьэ къызэриувэр.

Къанокъуэм и сурэт гъэльэгъуэныгъэхэр мызэ-мытІэу щекІуэкІащ Налшык, Сочэ, Минеральные Воды, Грознэ къалэхэм. КъыкІэлъыкІуэр 2019 гъэм фокІадэм и етІуанэ Іыхьэм щекІуэкІынущ Налшык Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъахэхутэ музейм.

Епсэлъар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

● Гъуэзджэ

КЪАНОКЪУЭ Руслан:

«ГъащІэм ухуешэ уи гум илъым»

Къанокъуэ Башир и къуэ Руслан 1946 гъэм къыщалъхуащ КъБАССР-м и Аруан щыналъэм хиубыдэ Шытхъэлэ къуажэм. 2014 гъэ лъандэрэ хэтщ «Урысейм и художникхэм я зэгухьэныгъэм», 2017 гъэм хагъэхьащ Урысейм и Абстракционистхэм я зэгухьэныгъэм, иджыблагъэ, 2019 гъэм гъатхэпэм и 26-м, Художествэхэмкі Урысей Академием и академик цІэ лъапІэр къыфІащащ.

ЦІЫХУР зыхуэІэрыхуэ, и псэм фІэІэфІ лэжьыгъэм пэрымытмэ, зыгуэр хуэныкъуэу къыщыхъуу мэпсэу. Апхуэдэ Іэнатіэ Іуувэну хъунт сурэтыщІ Къанокъуэ Руслан, и анэм и жьыІэкІэ зыщІэтІысхьа еджапІэм къыщІэнатэмэ. Абстракцэ, фантастикэ жыпхъэм иту сурэт гъэщІэгъуэнкэр къэзыгъащІ художникыр нэхъ гъунэгъу ззэдгъэцІыхуну дыщыхуэзэм, дыкъригъэдзІуащ хъыбар гъэщІэгъуэн.

- Сурэт щІыным ущыдихьэхар сыт щыгъуэ, Руслан?

- Нобэ сурэт щІыныр школ программэм хэт щхьэкІэ, сэ курыт еджапІэм сыщыщІэса зэманым дытезыгъэгушхуэн егъэджакІуэ щхьэхуэ диІэтэкъым. Черчениещ дызыхуеджар. Мис а черчением щхьэкІэ зы альбом дахэшхэ къыхсухуащэхуат, теЦІуукІыу. Сурэт щІыныр къызэнкъуэкъуртри, къэрэндащ быдэмрэ альбом напэ щабэмрэ схуэзмыгъэзэгъыу, сигъэбамПэмри, кхъуэщыным удэ гъэгъа иту сщІауэ щытащ. Абы щыгъуэ черчениемкІэ дезыгъаджэм жиІат: «Художник диІэщ!». Гагариныр хьэрышы лъэта ныжь, лІы цІэрыІуэм и сурэтыр сщІат. Ещхь хъуауэ жаІэурэ, псори къысщытхъуртри, абы нэхъри сытригъэгушхэрт. Курыт еджапІэр къэзухри, медицинэмкІэ училищэм сыщІэтІысхьащ. Ди анэм хуабжьу фІэфІт фельдшер къысхэкІыни, жиІэм сыфІэкІыфаркъым. Мис абдеж сурэт щІыным сыхуэнэмысурэ, сІэщІэхуащ.

- Дауэ укъыхуэкІуэжа - тІэ, сурэт щІыным?

- Училищэм сыщІэсу зэгуэм сраджащ. Медицинэм епхаяэ сэ зырат частым дэтри, узыфэхэмрэ абыхэм зэрелэзэ щІыкІэмрэ теухуаяэ сурэтышхуэ сщІыну ин пщэ къыщыдалъхьэм, сыхущІыхьэ сыхущІэмыхьэми, къэрэндащыр къэсщтэжьын хуей хъуащ. «УэзрысурэтышІыр щхьэ жумыІарэт?!», - жиІэри, командирым игъэщІэгъуауэ щытащ, сурэтыр хьэзыр хъуауэ и пащхьэ щислъхьам. Сурэт гуэр щІын, пэшыр гъэщІэрэщІэн хуейми ар си пщэ къыдалъхьэурэ, нэгъуэщІ Іэщ Іагъэ сызэрыхэмызэгъэнур абдеж къыщызгурыІуащ.

- АтІэ, сыт жьпІэу училищэр Іэщ Іыб пщІа? Уи анэм и жагъуэ хъуатэкъэ?

- Армэм сыкъикІыжа нэужь, еджапІэм пысщэжьну сыхэтащ. Сыхэзагъэтэркъым. Ауэ щыхъуи, си адэ-анэм яжеСІащ си Іуэху зыІутыр. Пэжу ди анэм хуабжьу и жагъуэ хъуат, ауэ ди адэр къысщхьэщыжащ. «Упрэмыиуэ, и псэм хэлъыр къыпхуэхэкІынкъым», - жиІат абы. Си гур къызэрыгъэтэжри, сурэт щІынымкІэ Орёл дэт училищэм сыщІэтІысхьащ. Ар 1976 гъэм къэзухри, сурэтыщІу илъэс 40-м нэблагъэкІэ сылэжьащ. Совет лъэхъэнэр гуащІэти, гугъэт уи щхьэ Іуэху зепхуэжыну. Къэрал лІыщхьэхэм я сурэт щІыным си зэманыр зэрыщІыту ихьыртри, нэгъуэщІым селэжьыфыртэкъым. КъищынэмыщІауэ, Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьэхэр, унэщІэхэр зэрагъэщІращІэ ГъущІ псыхьахэм, дамыгъэхэм я сурэтхэр сщІыну си къалэнт.

- Сурэт пщІахэм тхыпхъэхэмрэ дамыгъэхэмрэ щхьэхуэу я хэту гу лъыстащ.

- ГъущІым, пхъэм сызэрелэжьам и Іэужь щхьэпэщ ар. Си щхьэ Іуэху зеСхуэжьну Іэмал щызгъэутар иужьрей илъэсхэращ. Си ныбжь нэсу лэжьапІэм сыІукІа нэужь, хуиту зестащ си гум къыльыхьэам.

- Уэ уэщхь хъужа яхэт уи щІэблэм, Руслан? СурэтыщІ къаХэкІа?

- Къапщтэмэ, дэтхэнэ зы сабиймэ зэфІэкІ бжыгъэншэхэр хэлъу дунейм къытохьэ. Жьыуэ щІэбдзэгъэ удэлажьэмэ, абы къыпхуемыгъэщтэнрэ зыпэмылъэщынрэ щыІэкъым. Ауэ уэ пщІэркъым ар абы хуейрэ хуэмейрэ, и гум Іэпихрэ Іэпимыхрэ. Араущи, си бынхэр хэзгъэзыхьакъым, икІи щІалитІрэ зы хъыджэбзрэ сиІэти, сурэтыщІ къаХэкІаМ. ИужькІэ сакІэлъплъыжри, къызгурыІуэжащ - сыту фІыт щыщІыкІум зэрызэзмыкъэзэыхьаэри, щхьэж зыхуей и лъагъуэр езым зэрыхишыжари. Ауэ си къэрылъху-пхъурылъхуэм сахоплъэри, сурэт щІыным дихьэх, ар кхъэзэхъуІэ зэрахэтым гу лъызотэ. Хэт ищІэрэ, абыхэм къахэкІынкІэ хъунщ хуДожник. Дэ сыт жьпІэми, а цІыкІуэхэм щхьэж я насыпІ яІэжщи, зыхуейм я Іэр текуэнущ. ГъащІэм ухуешэ хуэмурэ уи гум илъым. Ар зГъэунэхуаУэ, сощІэ фІыуэ!

Гъуэзджэм и лІэужьыгуэ зыбжанэм зэхуэдэу хуэІэзэ сурэтыщІым къегъэнахуэ гъущІымрэ зэрелэжь Іэмалыщ Іэхэр, графикэми диджитал-артми хуэІэижьщ.

Сытым елэжьами, Къанокъуэм и Іэр крипцІыхужу щабагъэ гуэр хэлъщ абы и сурэт телъыджхэм. Жыгым зэщхьу тхьэмпитІ зэрыпымытым хуэдэу, цІыхуитІи зэщхьу дунейм теткъым. Апхуэдэщ псэри. Руслан и Іэдакъэщ Іэкіхэм ращыхэпльэкІэ, зыхьобощІэ ахэр гумрэ псэмрэ къызэрикІыр. Зыми емыщхь псэ дахэм и джэрпэджжэу ди пащхьэ къызэриувэр.

Къанокъуэм и сурэт гъэльэгъуэныгъэхэр мызэ-мытІэу щекІуэкІащ Налшык, Сочэ, Минеральные Воды, Грознэ къалэхэм. КъыкІэлъыкІуэр 2019 гъэм фокІадэм и етІуанэ Іыхьэм щекІуэкІынущ Налшык Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъахэхутэ музейм.

Епсэлъар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

● Пшыхьхэр

Адыгэ пшынэр зыгъэбзэрабзэ

Налшык и Музыкэ театрым щагъэлэпIащ КъБР-м и цIыхубэ артист, республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэс 25-рэ ирикъу «Макъамэ» сабий пшынауэ ансамблым и художественнэ унафэщI, пшынауэ Iэзэ, композитор Къуэдз Iэбубэчыр и ныбжьыр илъэс 75-м зэрыпсэар.

РЕСПУБЛИКЭМ и щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа, ноби псэемыблэжу абы хуэлажьэ, и гуащIэмкIэ пщIэрэ нэмысрэ къэзылэжьа Къуэдз Iэбубэчыр и щIыхькIэ къызэрагъэпэща пшыхь гуапэм цIыху куэд къекIуэлIащ. Артист цIэрыIуэм хъуэхъу, хуабагъэ зэбгкI псалъэ дахэ куэд жраIащ, саугъэтхэмрэ щIыхь тхыпльэмкIэ хуэупсащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **КъумахуэМухьэдин**, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и лIыкIуэ **Къудей Владимир**, Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм и унафэщI **Кълалмыкъ Кларэ**, «Къунфдет», «Нал цIыкIу», «Кавказ пшэплъхэр», «Асса» къэфакIуэ ансамблхэм я художественнэ унафэщIхэр КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Молей Алихьан**, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэхэр **Куэшей Алик**, **Тхьэмокъуэ Мурат**, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткъ **Карчаевэ Раисэ**, «Кабардинка» ансамблым къыщыдэлажьэхэр, Къуэдзым и гъэсэнхэр ГъуэджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым щеджэ уэрэджьакIуэ ныбжьыщIэхэр **Щокъуий Муратрэ ШыкIэбахъуэ Исльамрэ**, и ансамблым хэтхэм я адэ-анэхэм я комитетым и унафэщI **Махъсидэ Аидэ**, зыщыщ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэмрэ республикэм и нэгъуэщI жылэхэмрэ я лIыкIуэхэр, Ингуш, Шэшэн, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Осетие Инщэ республикэхэм, Краснодар краймкIи кIыкIа и ныбжьэгъухэр, лэжьэгъухэр, нэгъуэщIхэри.

- Си лэжьэгъуэху КъБР-м и Парламентым и депутатхэм я цIыкIи си цIыкIи Iэбубэчыр хужаIа хъуэхъу дахэхэм пызощэ. Узыншагъэ, ехъулIэныгъэ уи куэдыну, уи гъэсэнхэм уагъэгугъэ-уагъэгушхуэу лъэпкъ гъуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ иджыри илъэс куэдкIэ ухуэлажьэну ди гуапэщ, - жIаIащ КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, граждан институтхэм зегъэужьыныгъэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и комитетым и унафэщI **Пащты Борис**. Абы Къуэдз Iэбубэчыр хуигъэфащащ «Октябрь революцэр илъэси 100 зэрырикъум папщIэ» фэеплъ медаль.

Республикэм и уэрэджьакIуэ, къэфакIуэ гупхэм, гьунэгъу щыналъхэхэм къикIа хьащIэхэм я лэжьыгъэ нэхъыфIхэр тыгъэ хуащIащ Къуэдзым. Iэбубэчыр и гъэсэнхэм пшынэбзэр удихьэхуэ ягъэбзэрэбзащ, пшыхьым кърихьэлIахэр макъамэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIагъэдзыну. Абыхэм я зэфIэкIыр щыпльагъуэкIэ гурыIуэгъуэщ макъамэм, щэнхабзэм пэгъунэгъу ныбжьыщIэхэмкIэ республикэр зэрыкъулейр, пшынауэ Iэзэхэр къыщIэувэр.

Къуэдз Iэбубэчыр

Къуэдз Iэбубэчыр и Iыхьлыхэмрэ благъэзэмрэ хъуэхъу, фIыщIэ псалъэ мыухыжхэмкIэ зыкъыхуагъэзащ, зыщыщ лъэпкъым, республикэм я цIэр фIыкIэ зэриГьэIуам, ныбжьыщIэхэр щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ зэрыщIипIыкIым папщIэ. Езы Iэбубэчыри пшыхьыр къыхэзыгъэпэщащэмрэ абы кърихьэлIахэмрэ фIыщIэ яхуищIащ. МакъамэкIэ, къафакIэ, уэрэдкIэ гъэнщIа пшыхь гукъинэжыр псэм ехуэбэкIыу, щIэщыгъуэу екIуэкIащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*



● Футбол

Бибрэс хьэзырщ къигъэзэжыну

Алыджым и Пирей къалэм и «Олимпиакос» командэм нэгьабэ лъандэрэ щыджэгу Натхъуэ Бибрэс иджыблагъэ зыпхигъэIукIащ Мэзкуу и ЦСКА-м къигъэзэжыну зэрыхьэзырыр.

- «ОЛИМПИАКОС»-м щызиIэ щытыкIэмкIэ сыарэзыщэкъым, - зыкIэриIащ Натхъуэ Бибрэс. «Известия» газетым и корреспонденту Алыджым щыIэм. - Сыхуэй ЦСКА-м згъэзэжыну? Абы теухуа Iуэхуэм сыхэплъэну сыхьэзырщ. Уеблэмэ, Мэзкуу згъэзэжмэ, нэхъыфIыбу къызолъытэ.

Илъэс 31-рэ зи ныбжь Натхъуэ Бибрэс 2018-2019 гъэхэм Алыджым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм «Олимпиакос»-м хэту зэIуцIэ 34-рэ кърихьэлIащ. Абыхэм зы топ щыдигъэкIауэ аращ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Натхъуэ Бибрэс 2010 гъэ лъандэрэ Урысей Федерацэм щоджэгу. Ар ди къэралым иригъэблагъуэу щытащ Къэзан и «Рубин»-м. Абы хэту Урысейм и кубокымрэ суперкубокымрэ 2012 гъэм зыIэригъэхьащ, чемпионатым и жэз медалыр къратащ.

Къэзандэсхэм къаухэкIыжа иужькIэ, 2014 гъэм и airэ илъэс ныкъуэм Алыджым и ПАОК командэм хэтащ. Абыи Iыхьэнцэ щыхъуакъым - а къэралым и дыжьын медалыр иIыгъыу Урысей Федерацэм къигъэзэжащ.

Мэзкуу и ЦСКА-м ар апхуэдизкIэ лъэ быдэкIэ хьихьати, 2014-2015 гъэхэм екIуэкIа зэхьэзэхуэм и гъуащхьэхъумэныкъуэ нэхъыфI дыдэу къалъытащ икIи и хьэрхуэрэгъуэм топ 14 яхудигъэкIащ. Абы зэрыхэта илъэсиплIым адыгэ щIалэм дыжьын медалу 3-рэ (2015, 2017, 2018 гъэхэм) дыщэу зырэ (2016 гъэм) зыIэригъэхьащ, Урысейм и кубокым и финалым щыджэгуащ. Псори зэхэту ЦСКА-м и фащэр щыгъуэ Натхъуэм зэIущIи 142-рэ иригъэкIуэкIащ икIи 31-рэ къыхэжаныкIащ.

Бибрэс и Iэхуэхэр ди къэралым хъарзынэ дыдэу щекIуэкIырт, ауэ илъэсиплIкIэ зращыIла зэгурыIуэныгъэр щиухым, нэгъабэ къыпищэн идакъым, ЦСКА-м и унафэщIхэр хуабжьу къелъэIуа пэтми. Зи ныбжьыр илъэс 30-м щигъуэ щIалэм мурад ищIат топджэгум хэмыкIыж щыкIэ Европэм зыкъыщигъэлъэгъуэну. Ди лъэпкъэгъу куэд щыпсэу Тыркум и командэ лъэщхэр щIэхъуэпсырт ар зыхагъэхьэну, ауэ нэхъапэм щыIаущ зи пIалъэ ищIэ Алыджыр нэхъ кIыхьихащ. Пирей къалэм и «Олимпиакос» командэ щIэрыIуэм гуфIэжу ар къыщIтащ икIи илъэс улахуэу еврэ мелуан хуигъэуващ, екъулIэныгъэхэм къапэкIуэну саугъэтхэр хэмыту. Арщхьэкlэ псоми зэрыхуей дыдэм хуэдэу хъуакъым.

Израилым и командэ къыхэкам и капитан Натхъуэ Бибрэс ярищIыпIа зэгурыIуэныгъэмкIэ иджыри зы илъэскIэ «Олимпиакос»-м щыджэгун хуейщ, иужькIи апхуэдизкIэ пIалъэ къыщIагъэну хуиту. Арщхьэкlэ, ЦСКА-р хуейм, лъэныкъуэхэр зэгурыIуэфынущ. Хэт ищIэн, нобэкIэ адыгэ футболист нэхъ цIэрыIуэ дыдэр ди къэралым дяпэкIи щытлъагъункIи хъунщ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Щэнхабзэ

Зи IэщIагъэм къигъуэтыжа

Шэджэм къалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и лэжьакIуэ, уэрэдус, уэрэджьыакIуэ Афlэунэ Арсен къызыхуигъэщIа Iэнатlэм гурэ псэкIэ хуолажьэ.

ШЭДЖЭМ ЕтIуанэ (Къундетей) къуажэм щыщ АфIэунэ Арсен пасэу макъамэмрэ уэрэд жьIэнымрэ дахьхащ. 1997 гъэм Налшык къалэм и курыт еджапIэ №7-м и 10-нэ классым щеджэм ар ящIэу хэтащ адыгэ уэрэджьхэр жьIэныжьмкIэ ныбжьыщIэхэм я республикэ зэпеуэм. Зэхьэзэхуэм и район Iыхьэм «Нартхэ я Бэдынокъуэ» уэрэджьыр абы щыжиIащ икIи ящэ увыпIэр къыхуагъэфэщащ. «Уэзы Мурат» цIыхубэ уэрэджьыр щигъэзэщIа зэпеуэм и республикэ Iыхьэми ар нэхъыфIу кьыщалъытащ икIи аргуэру бжьыпэр иубыдащ. Зэхьэзэхуэм и къэпщытакIуэ гупым хэтащ Iуэрыпуатэдж, КъБР-м и цIыхубэ артист, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къардэнгъущ Зырамыкурэ КъБР-м и цIыхубэ артист, балетмейстр Думэныщ Iуэлэдинрэ.

- Зэпеуэ нэужьым Къардэнгъущ Зырамыку сценэ щIыбымкIэ къыдыхьэу ди егъэджакIуэхэмрэ зэклассгъуэмрэ къытхьыхьэу къызэрыщытхъуар гуапэ сщыхъуа къудейтэкъым, атIэ апхуэдэ пщIэ зиIэ цIыхум гу къыззэрыслъитам дамэ къыстригъэкIат. Абы и псалъэхэм сыстрагъэгушхуащ макъамэ гъуазджэм нэхъ куууэ сыхуэлэжьэну, - игу кьеГьэкIыж Арсен. - Хуэм-хуэмурэ гитарэ сеуэу зеэгъэсащ, бэрэбаным сыхуэIэзэт.

Курыт еджапIэр къыуха нэужь, Арсен и ныбжьэгъу балъкъэр уэрэджьыакIуэ Жашуев Башир жриIащ «Уэзы Мурат» уэрэдыр иригъэтхыну зэримурадыр икIи абы и псалъэхэм макъамэ щIилъэсну къызэрыпщылъыр. Арсен езыр гитарэми еуэжу уэрэдым и псалъэхэм Башир иригъэдIуащ, макъамэр нэгъуэщI жьIэкIэу зрихъэкIри. Адыгэбзэр кьыгурымыIуэну, и ныбжьэгъум и лэжьыгъэр гъэщIагъэн зэрыщыхьуар абы къыжриIащ икIи рок жьIпхэм ягу макъамэр щIигъэувэмэ нэхъ кьеззгъыну кьилыытащ. Апхуэдэу Арсен и airэ лэжьыгъэр эздатхащ, уэрэдри къехъулIащ.

Художественнэ, документальнэ фильм кIэщIхэм я сценарийхэри етх Арсен. Илъэс зыщыплI хуэдэ дэкIауэ, абы иригъэтха «Уэзы Мурат» уэрэдыр, мыкIуэдыжу нэхъ къызэтенэн папщIэ, клип трихащ. А лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и телеканалхэмкIэ 2007 гъэм мызэ-мытIэу къытащ.

- Мэлбахьуэ Елбэрд и «Iуащхьэмахуэ дэкI гъуэгур щынагъуэщ» тхыльым 2010 гъэм седжащ икIи ар апхуэдизкIэ сигу дыхьати, абы къыщыIуэтэжа языныкъуэ Iуэхуэгъуэхэм нэхъ куууэ зыхэзгъэгъуэзэн папщIэ, къытезгъэзэжурэ иджыри щэ седжэжащ. Абы иужькIэ псалъэ гуэрхэр къыскъуэкIуэу щIидзащ икIи ар къежьапIэ хуэхъуащ «Сага о кабардинце» уэрэдым. Нэхъыбэм къагурыIуэн папщIэ ар урысыбзэкIэ стхащ. Уэрэдым макъамэ щIилъэсащ Успаев Амур, - жеIэ Арсен.

А лэжьыгъэми клип трихащ АфIэунэм, радиомрэ телевиденэмкIэ зэман гуэркIэ кьиту мыкIуэдыжьын хуэдэу. Фэилъхьэгъуэхэмрэ декорацэхэмкIэ абы къыдэIэпыкъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и театрхэм я унафэщIкэр. Лэжьыгъэм къыщигъэлъэгъуа шыхэр ейщ республикэм и шыхъуэ пажэхэм ящыщ Щоджэн Алим. Iэщэхэр езым иягъэхьэзырыжащ. Ар ди щIыналъэм и телеканалхэмкIэ зыбжанэрэ къатащ, ИнтернетымкIэ зэбграгъэкIащ.

Куэд щIакъым АфIэунэ Арсен игъэзащIэу Интернетым щыIэ гъэтIылъыгъэхэм иджыри зы къаззрыкъхъуэрэ. Ар уэрэдус Давыдовэ Риммэ хуэзэкилъха, адыгэ цIыхубзым и дуней тетыкIэмрэ дахагъэмрэ теухуа «Княжна» уэрэдырщ. Пэжжыгъэр абы щIигъэтхащ Къущхьэ Оксанэ и «Каракан» студием. Илъэс и уэрэдхэми хуэдэу, АфIэунэм абыи видеоклип триГьэхащ. Арсен и лэжьыгъэхэр игъэкIуэтэзнымкIэ, ар утыку кърихьэнымкIэ дэIэпыкъуэгъущ и ныбжьэгъу Атэбий Артур.

МЭКЪУМЭШ академием зоотехникэ IэщIагъэр щыригъэгъуэтами, балигъыпIэ имыувэу дзэныхэха Iуэхугъуэрщ ар зыпэрытыр. Апхуэдэхэр къалытэ зи IэщIагъэм къигъуэтыжа цIыхуу. Абы къыдэкIуэу АфIэунэр зэрылажьэр Тхъэр къыззрыхуэупса, езым зригъэужьа зэфIэкIырщ.

АфIэунэ Арсен Шэджэм районым Щэнхабзэмкlэ и унэм и унафэщI Вэрокъуэ Ларисэ къриГьэза дзыхьыр зэригъэпэжьымэ хущIэкъуу и Iэнатlэр ирехьэкI, махуэшхуэхэм ирихьэлIэу концерт гукъинжхэмрэ театр теплъэгъуэхэмрэ игъэхьэзыру. Зэфlэкl и мащIэкъым Iуэхущlапlэм лъэпкъ кьафэхэмкIэ щапхъэу кьалъыта «Джигиты Чегема» и ансамблым. Уэрэджьыакlуэ ансамбли мыгувэу къызэрагъэпэщыну я мурадщ. АфIэунэ Арсен лэжьыгъэм бгъэдыхьэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщIегъэсэбэп, щIэ, гъэщIегъэн гуэрхэр утыку къызэрырихьэным, я Iуэхущlапlэм щIыху нэхъыбэ къызэрыришэлIэным, псом хуэмыдэу щIеблэр щэнхабзэ, гъуэзджэ унэтIыныгъэхэм зэрыдригъэхьэхыным зэпымыууэ хущIокъу.

БЖЬЫХЬэ Роза.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Нэхъапэми къапэщIэхуат

Урысей МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыIэм 2019 гъэм мэлыжьыхьым и пэщIэдзэм зыхуигъэзащ илъэс 32-рэ зи ныбжь къалэдэсым. Щхьэусыгъуэр Самотечнэ уэрамым тет унэхэм я зым хэт и фэтэрым сом мин 12 и уасэ дыщэхэкI хьэпшып зэрыщIадыгъукIарт.

КъэПЛЫХЪЭНЫГЪЭХЭР щрагъэкIуэкIым, управленэм и къудамэ №2-м полицэм и участковэ уполномоченнэхэм шэч зыхуащIыр яубыдащ. Ар нэхъапэми суд зытращIыхьа, зэдыгъуам пэмыжьыжьэу псоу, илъэс 25-рэ си ныбжь щIалэрщ.

Уголовнэ Iуэху къалэтащ.

КъащIэкIуакъым

КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ шынагъуэншагъэмкIэ, коррупцэм пэщIэтыныгъэмкIэ и управленэм и IэкIуэлIуэхэм къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым ахъщэхуэм пыщIа гъэпщIагъэ сэтей къащIащ.

2017-2018 гъэхэм ухуакIуэ IэхуэщIапIэм сом мелуан 408-рэ зыхуэзэ къэрал контрактым ипкъ иткIэ «Прохладный - Баксан - Эльбрус» гъуэгум зэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ. Къэпщытэныгъэхэм зэзэрагъэлъэгъуамкIэ, абы щыгъуэм компаниэм и унафэщIхэм а лэжьыгъэр зыхуащIам иратащ ухуэныгъэ материал Iэхугъуэхэм теухуа бжьыгъэ нэпцIхэр къыщыхьа, абыхэм я уасэр сом мелуан 12-рэ мин 448-м нэс щыщIрагъэгъуа тхыльхэр. Къыхэдгъэщынщи, гъэзгу лэжьакIуэхэм яГьэлъэпIат къагъэсэбэпа пшахъуэ-мывэкIэщхъ зэхэлъхэмрэ геосеткэхэмрэ я уасэр.

Урысей МВД-м КИФЩI-мкIэ и ГУ-м и Следственнэ частым уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

КъэПЩЫТЭНЫГЪЭХЭР щрагъэкIуэкIым, полицейхэм яубзыхуащ федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущlапlэм и къулыкъущIэм хэхауэ яхъуэжа щIыпIэхэм теухуауэ Урысей Федерацэм и хабзэр къызэпиуду 2017 гъэм унафэ яхуищIащ («Призэльбрусье» лъэпкъ парк ныжьыгъэ щраупщIыкIыну. Абы пщэрыльэ къызэрыщIамкIэ, ФГБУ-м и лэжьакIуэхэм уэздыгъей жыг лIэужьыгъуэу блы ираупщIыкIащ. Лъэпкъ паркым игъуэтащ хэщIыныгъэу сом мин 60-м щIигъу.

КъулыкъущIэм теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ, УФ-м и Уголовнэ кодексым и 260-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ (Мэз жыгхэр хабзэншагъэкIэ ираупщIыкIын) икIи илъэсиплIкIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

Зыгъэхьэзырар
УЭРДОКЪУЭ Женящ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыупсыр хъумэныкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэрэ зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху ептыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *редактору* **Жыласэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(1, 2-нэ нап.). Компьютерхэр газетым и тепльэр ящIащ* **Дот Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьазыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.204 ● Заказ №490

● Кудо

Кубокыр налшыкдэсхэм къахь

Кавказ Ищхъэрэм щыIэ спорт клубхэм кудомкIэ я зэхьэзэхуэ Налшык дэт Универсальнэ спорт комплексым щекIуэкIащ. «Iуащхьэмахуэ и кубок» зэпеуэр ящIащ КъБР-м Спортымкlэ и министерствэмрэ Урысейм Кудомкlэ и федерацэм и республикэ къудамэмрэ икIи хухахащ КъБР-м и Парламентыр илъэс 25-рэ зэрырикъум. Зэхьэзэхуэр мы гъэм илъэс еплIанэ хъуауэ йокIуэкI. Абы къроХьэлIэ къэралым и щIыналъэ хуэдэм щыщ спортсменхэр.

МЫ ГЪЭМ Налшык къыщIэзэхуэсащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и спорт клуб 15-м зыщIыгъэсащ спортсмен 200-м щIигъу. Зэпеуэ гуапэщхэм я airэ гуп увыпIэр щиубыдащ «Predator» спорт клубым (Налшык). ЕтIуанэ хъуащ «Sparta»-р. Солдатскэ къуажэм щыщ «Patriot»-р ещанэщ.

ТекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ кубокэр, медалхэр, грамотэхэр иратащ. «Ростелеком»-м нэхъыфIхэр саугъэт щхьэхуэхэмкIэ къыхигъэщащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Тхэквондо

Багъ Даринэ Урысейпсо спартакиадэм и финалым макIуэ

Налшык дэт Универсальнэ спорт комплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ тхэквондомкIэ еджакIуэхэм я IX урысейпсо спартакиадэм и етIуанэ Iыхьэр. Абы къырихьэлIат Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и щIыпIэ куэдым къикIа спортсмен ныбжьыщIэхэр.

КИЛОГРАММ 42-м нэс зи хьэлъагъэм я зэпеуэм щытекIуэри, Спартакиадэм и финалым хэтыну Iэмал зригъэгъуэтащ Багъ Даринэ. Абы и хьэрхуэрэгъу псори хигъэщIащ икIи дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ.

Зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр щаубыдащ Багъ Идар (кг 45-рэ), Къалэ Алим (кг 48-рэ), Сэхъу Тамерлан (кг 55-рэ), Шафий Лианэ (кг 59-рэ), Теувэж Тамерлан (кг 63-рэ), Бейтыгъун Тимур (кг 68-рэ), Къанкъуэ Раул (кг 73-рэ), Ермэлы Роман (кг 78-рэ) сымэ. Зэпеуэм щытекIуэн папщIэ абыхэм зы мащIэ дыдэщ яхуримыкъужар.

Жэз медалхэр къалъысащ Ахьмэд Мелиссэ (кг 44-рэ), Шипиловэ Илонэ (кг 46-рэ), Къэзанш Даринэ (кг 49-рэ), Жылэ Андемыркан (кг 51-рэ), Къарэмырзэ Марьянэ сымэ.

ДагъыстэмкIи и командэ къыхэкам зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ. Абы къыкIэлъокIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэр. Осетие Ищхъэрэ - Алание къикIахэр ещанэщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.
Сурэтым: **Багъ Даринэ и гъэсакIуэхэм ядэщIыгъуу.**

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм и лэжьакIуэхэр обозреватель **Шал Мухьэмэд Къасым и къуэм** хуогузавэ абы и малъхъэ **КIуащ Алим Iэуес и къуэр** игъуэ нэмысу зэрылIам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и airэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыдзкэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5